




FO KANNAL

Pou Emodyaliz
nan Venn ak Atè




Sa ou Bezwen Konnen pou Rete An Sante avèk yon Fo Kannal

Youn nan tretman ki genyen pou pwoblèm nan ren se emodyaliz (oswa HD). HD retire dechè avèk eksès likid nan san ou. HD se yon *aksè a veso ou*— ki vle di li se yon fason pou atenn san ou. Gen twa tip aksè: fo kannal, grèf ak katetè. Ti liv sa a pale de fo kanal.

Osijè Fo Kannal

Yon fo kannal nan venn ak atè (AV) se lè yo koud yon atè avèk yon venn, lepli souvan nan bra ou. Yon sikilasyon san an fòs ki sòti nan atè a fè venn nan vin pi laj. Venn yo toupre sifas po ou, ki fè yon kapab itilize yon fo kannal pou HD.



Si ou kapab gen youn, yon fo kannal se meye tip aksè:

- Fo kannal gen mwens enfeksyon epi mwens boul san pase lòt tip aksè.
- Venn ak atè yo kapab geri aprè chak itilizasyon ki fè yon fo kannal kapab dire lontan—pafwa plizyè dizèn an!
- Fo kannal bezwen mwens “sèvis” nan lopital la, donk ou santi ou pi byen.

Aprè chiriji a, li pran mwens pase yon mwa pou yon fo kannal *vinn ase mi* pou yo sèvi avèk li pou HD. Doktè oswa enfimyè a va deside ki lè li pare. Sere ponyèt ou, oswa peze yon balon an kawoutchou oswa yon manch – bagay sa yo voye plis san nan fo kannal ou a epi gen dwa fè li mache pi byen epi vin mi pi vit. Pou yon fo kannal ki nan pati anlè bra ou, leve yon ti pwa 2 a 5 liv oswa yon bwat soup.



Kisa yo rele “sendwòm vòlè”?

» Yon chirijyen dwe balanse bezwen ou genyen pou yon HD avèk fonksyonman bra ou. Sendròm vòlè vle di fo kannal la “vòlè” twòp san nan bra ou. Sa lakòz men ou frèt epi ankiwoze. Si sa rive, kite chirijyen ou konnen touswit; fo kannal ou a gen dwa bezwen reparasyon. Mete yon gan pandan HD, mande yon pad chofan, oswa bouje bra ou pou ou santi ou mye.



Sèvi ak Fo Kannal ou a pou Dyaliz



Etap 1: Lave men

Premye etap lè w ap sèvi ak yon fo kannal se pou manm estaf la lave men li. Administrasyon Sekirite ak Sante Okipasyonèl (“Occupational Safety and Health Administration” oswa OSHA) egzije pou manm estaf yo lave men yo epi mete gan pou pwoteje tèt yo epi pwoteje ou. Sant ou a va aprann ou kijan pou ou lave bra ki konsene an anvan HD.

Etap 2: Chèche enfeksyon

Chak fwa ou gen yon tretman HD, enfimyè oswa teknisyen an pwal chèche siy enfeksyon oswa domaj fo kannal ou an. Siy sa yo enkli:

- Woujè, chalè oswa anfleman
- Kote ki mou
- Pi oswa sansibilite

Si ou gen lafyèv oswa ou santi ou fèb, kite ekip swen ou konnen.

Etap 3: koute sikilasyon san ou

Enfimyè oswa teknisyen an pwal koute sikilasyon san an nan fo kannal la avèk yon estetoskòp.

Etap 4: Netwaye aksè a avèk yon pwodwi pou jèm

Enfimyè oswa teknisyen an pwal netwaye bra ou avèk yon twal gaz epi yon solisyon ki pou touye jèm avan ou itilize fo kannal ou a pou dyaliz.

Etap 5: Anplasan zegi yo

Yo itilize de zegi pou HD. Yon zegi “ateriyèl” mennen san ou nan dyalizè a. Yon zegi “pou venn” mennen san an tounen nan kò ou. Enfimyè oswa teknisyen an pwal mare yon tounikè (yon elastik) toutotou bra ou pou veso san yo byen parèt. Apre sa li menm – oswa ou menm – pwal pase zegi a yon sèl kou nan po ou pou ale nan fo kannal la, tepe li epi konekte li ak tib HD a. Pandan HD, zegi yo pa dwe fè mal. Si yo fè mal, kite ekip swen ou an konnen.


Etap 6: Retire Zegi yo

Apre yon tretman, enfimyè a oswa teknisyen an – oswa ou menm – pwal retire tep la epi retire zegi yo. Kou ou retire zegi yo nèt, w ap gen pou ou peze pati kote yo te ye yo pou 10 minit pou san an sispann koule. **Pa janm kite pèsonn peze fo kannal ou a pandan w ap retire zegi yo: sa gen dwa an-domaje fo kannal ou a.** Estaf la pwal aprann ou kijan pou ou peze po a kòm sadwa. Si ou pa peze



Kenbe Fo Kannal ou an Vizib pandan Dyaliz

» Pandan HD, pa kouvri fo kannal ou pou manm estaf la kapab wè li. Si yon zegi glise, estaf la ap konnen touswit epi yo ap ede ou. Ou gen dwa gen yon ti lenn sou ou – men pa janm kouvri fo kannal ou a.



Imaj ak Fo Kannal

Gen de moun ki chwazi kouvri fo kannal yo a toutan. Gen moun ki atann yo aske moun poze yo keksyon pou yo tou gen yon chans pou yo pale de maladi ren. Jan ou jere fo kannal ou an se desizyon pa ou.

» “Mwen te gen fo kannal a 14 zan epi mwen te bay tout moun manti sou kisa li te ye. Mwen te di moun mwen te bezwen yo koud mwen poutèt mwen te fè yon aksidan eski. Sa te nwi mwen, mwen te pè pou moun pat dekouvri la verite – ki fè mwen te met manch long sou mwen menm pandan letè.”
–Mary

» “Mwen mete yon mayo manch kout pou premye fwa jodi a – li te preske 72°. M te renmen tanperati a men anpil moun fè grimas paske yo pat janm wè aksè mwen an anvan, avèk tout douk li fè sou bra mwen. Li fè m mwens ront ke anvan. Brèf. Lè gen chalè, mwen pa bay tèt mwen pwoblèm pou sa. Mwen pito frechè.” –Nancy

» “Mwen panse fo kannal mwen an se yon bagay ki kenbe mwen an vi! Ki te mele m sa l sanble?! Si ou sou san ou, ou gen dwa esplike moun kisa dyaliz ye. Si ou pa sou sa, rakonte yon istwa estwodinè, tankou ‘se la yon tig mode mwen le mwen tale nan yon safari nan yon jeng.’” –Robin

pati po sa yo ase, sa gen dwa lakòz *ematòm* (sèyman anba po) oswa sèyman apre ou kite sant la. Yon fo kannal gen dwa ede ou viv pi lontan si w ap fè HD. Men si yon moun wè li, yo gen dwa poze w keksyon sou li. Maladi fwa se yon maladi kache – moun pa konnen ou genyen li amwenske ou di yo sa. Men yon fo kannal gen dwa parèt, ki se yon bagay pou ou abitye ak li. Li nòmal pou ou santi ou tris poutèt chanjman nan kò ou, epi pa gen pwoblèm si ou vle pale ak yon moun pou di kijan ou santi ou. Travayè sosyal dyaliz ou a ansanm ak lòt pasyan gen dwa itil lè ou bezwen pale.

Kijan pou ou Kenbe Fo Kannal ou a An Sante

Yon fo kannal se meyè tip aksè ki genyen, men pa gen anyen ki pafè. Yon fo kannal gen dwa pa mache depi okomansman. Pafwa, premye itilizasyon yo se gen dwa yon defi. Fo kannal la se yon bagay ki nouvo pou ekip swen ou an, donk li gen dwa anfle. Sa gen dwa rann li difisil pou mete zegi yo. Sa gen dwa mande plis pase yon esè. Ou kapab *enfiltre* yon fo kannal: yon zegi antre sou yon bò veso a epi soti sou lòt bò. San koule andedan tisi ou, sa ki lakòz enfleman ak blesi. W ap oblije gen yon nouvo zegi an plas, epi blesi yo gen dwa fè ou mal. Sa gen dwa andomaje fo kannal ou a.

Gen de manm estaf ki bon anpil nan zafè mete zegi nan yon nouvo fo kannal oswa yon kannal ki difisil pou itilize. Pifò sant ap gen manm estaf sa yo disponib pou ede ou. Enfeksyon, boul sa, ak aneris se lòt pwoblèm ki gen dwa rive (men gen mwens chans pou yo rive avèk yon fo kannal an konparezon ak lòt tip aksè).



Enfeksyon

Gen dwa gen enfeksyon avèk *nenpòt* ki kalite aksè. Bakteri tout kote—sou po ou, nan nen ou, sou sifas Si zegi a pouse yo antre nan san ou, yo gen dwa koze anpwazònman oswa *enfeksyon nan san*. Enfeksyon nan san gen dwa koze lanmò. Pi bon defans ou se lave bra ou (oswa janm ou) avèk savon anti-bakteri oswa alkòl anvan chak tretman.



Kisa Pasyan Di sou Zegi Dyaliz yo

Anpil moun ki chwazi HD pè zegi. Ou gen dwa pran medikaman pou ankiloze kote pou zegi yo antre. Ki sansasyon ou genyen lè y ap mete zegi yo? Moun ki pase pa la kapab di ou:

“Mwen pa pran ankenn medikaman. Lè mwen te fèk komanse, mwen te pè menm jan avèk ou. Sa ki te ede mwen se te vizyalize nan tèt mwen. Mwen di tèt mwen ke sèl pati mwen vrèman pat renmen se te pati foure segi a. Mwen reyalize ke sa t ap dire yon demi-segonn sèlman pou chak zegi. Sa mwen te pè a t ap dire yon total yon segonn sèlman. Mwen deside mwen t ap kapab sibi doulè a pou ti tan sa a.”

“Nan esperyans pa mwen, zegi lidokayin fè mal pou detwa segonn sèlman (pafwa mwen pa menm santi yo ankò). Epitou, lè mwen te santi zegi yo k ap antre, li te fè mal tout bon, men li te fè mwen mal ke sa mwen te panse. Men doulè a te dire plizyè minit pou mwen. Mwen pito lidokayin nan epi mwen kontan mwen kapab chwazi.”

Estenòz: Lè veso san yo vin pi fen

Estenòz gen dwa ralanti pasaj san an jiskaske ou vin pa gen ase HD pou ou santi ou ase byen. Dabitid gen ase tan pou ranje li *avan* fo kannal la andomaje. Men detwa bagay ou kapab fè:

- Manyen “*buzz*” fo kannal ou a chak jou. Rele doktè a si gen chanjman.
- Si ou gen sèyman ki difisil pou sispann apre pifò tretman HD yo, presyon nan fo kannal ou an gen dwa pi wo poutèt yon estenòz. Rele doktè a.


Pa kite pèsonn pran san, kòmanse yon IV, oswa pran tansyon ou si ou gen yon fo kannal nan bra ou.



Regle Estenòz la

Iltrason kapab verifye sikilasyon san an nan fo kannal ou a. Si gen yon pwoblèm:

- Yo kapab mete yon ti balon nan veso a epi gonfle li (anjyoplasti).
- Yo gen dwa plase yon metal *nan* veso an pou kenbe l ouvri.
- Yo gen dwa fè chiriji.



Boul San: Boul San

Selil ki responsab kreye boul (yo rele yo *plaksan*) kole ansanm. Yo sele veso san ki andomaje, tankou bouchon boutèy. Men plaksan kole tou sou tisi sikatrive—epi chak zegi fome yon ti sikatris. Si sikilasyon san an twò lan nan aksè ou, ti sikatris sa yo gen dwa lakòz boul san. Yon boul san gen dwa bloke yon fo kannal epi anpeche san pase. Y ap gen pou repare fo kannal la—oswa ranplase li.


Kontrèman a estenòz, yon boul san fèt *rapid*. Siy avètisman yo se yon “thrill” ki ralanti oswa ki sispenn. Si ou remake sa, di doktè oswa enfimyè ou sa *touswit*. Gen anpil boul san yo gen dwa trete avèk medikaman, yon pwosedi avèk radyografi, oswa chiriji. Lòt bagay ou kapab fè pou evite boul san sa yo se:

- Fè ekip swen ou an konnen touswit si ou gen kranp nan misk ou, ou santi ou pwal endispoze, tèt ou ap vire, oswa ou gen mal lestomak.
- Pa pran twòp pwa likid ant tretman yo.
- Konnen ki bi ou genyen kòm pwa likid epi kòm pwa sèch. Tcheke se bon pwa likid ki make sou machin nan pou ou paske ou pa vle twò sèch.
- *Pa janm peze fo kannal ou an:* pa domi sou fo kannal ou an oswa depoze bagay lou sou li. Evite mont, braslè oswa manch ki sere.
- Konnen ki doz medikaman kont boul san ou sanse pran epi poze keksyon pou verifeye ou resevwa bon dòz la.

Aneris: Yon Pati Fèb ki Gonfle


Lè yon fo kannal rete pandan twò lontan menm kote a, pawa veso yo gen dwa vin fèb. Avèk letan, pawa ki febli yo vin fè tankou balon—yo rele sa yon aneris. Gen risk pou li pete. Epi fòk yo fè reparasyon si po ki anlè yon anerism pa geri oswa pa gen anpil lòt kote pou foure zegi.

Ou kapab evite yon aneris lè ou plase nouvo zegi a omwen 1/4 de pati ou te itilize anvan sa a. Konsa, pa gen yon sèl pati ou itilize twòp. Lè ou gen yon fo kannal, twou zegi yo geri, men chèche konnen ki kote pwochen pwen an ta dwe ye.



Atansyon a Boul San ki nan Lib!

» Yon boul san nan fo kannal ou an gen dwa pa rete an plas. Boul san gen dwa nan lib epi vwayaje nan ko ou. Si ou te gen yon boul san resaman epi ou gen mal do oswa pwoblèm pou respire, chèche jwenn swen dijans touswit.



Konklizyon

Pi bon swen pou fo kannal ou se kenben li an sante pou ou kapab resevwa bonjan HD. Se fo kannal *ou* an ak sante ou ki sou tab. Chans pou fo kannal ou kontinye mache pi wo si ou se yon patnè aktif ekip swen ou an.

Atansyon:



MEDICAL • EDUCATION
INSTITUTE *inc.*

WWW.MEDICALEDUCATIONINSTITUTE.ORG

© 2009, Medical Education Institute, Inc, www.meiresearch.org